Bhaibheri re vana
Rikukupai

Minana yakaitwa naJesu

Rakanyorwa ndiani: Edward Hughes

Rakafanidzirwa ne: Byron Unger; Lazarus

Rakatorwa na: E. Frischbutter; Sarah S.

Rwakashandurwa na: Tendai Mugova

Alastair Paterson

Rakabudiswa na: Bible for Children
www.M1914.org

©2020 Bible for Children, Inc.
Mitero: Une mvumo yekutora nyaya iyi kana usinganotengesi chete.

Jesu akaita minana yakawanda.
Minana yakanga iri chiratidzo
chokuti mwana waMwari.

Munana wekutanga wakaitika kumuchato. Pakanga pasina waini yaikwana munhu wese akanga aripo.

Maria, amai vaJesu vakaudza Jesu zvakanga zvichinetsa, ndokubva varaira vadzidzi kuti vateerere zvose zvinotaurwa naJesu.



Jesu akati, “Zadzai makate nemvura.” Vakubvunza vakati, “Mvura here?”

Hongu, Jesu akanga akumbira kuti vazadze makate nemvura.

Jesu akariyaria
mudzidzi wake
kuti atore gate
kuti vanhu
vakanga
vaine
muchato
vamwe.

Mvura yakanga
yaita waini.
Waini yemhando
yepamusoro
uye yainaka.

Vadzidzi vakashamisika.
Jesu akanga
ashandura mvura
kuti ive waini.

Mwari chete aikwanisa kuita minana yakadai.

Jesu akaita imwe minana. Umwe usiku, Jesu nevadzidzi vake vakaenda kumba kwaPetro. Amai vomukadzi waPetro vakanga vachirwara.

Jesu akabata maoko omukudzi akanga achirwara. Mushure menguva, vakaporeswa.

Vakamuka ndokushandira Jesu nevadzidzi vake.

Zvichida guta rose rakauya kuna Jesu manheru aya.

Vanhu vakanga vachirwara vakauya-mapofu, vakanga vasinganzwi kana kutaura pamwe nevakanga vakaremara.

Kunyange vanhu vakanga vaine madhimoni vakauya kuna Jesu. Jesu aikwanisa here kubatsira vanhu vose ava?

Jesu, mwanakomana waMwari aikwanisa kubatsira. Hongu, Jesu akabatsira.

Vanhu vakauya kwaari vakaporeswa.
Vose vakanga vakaremara
vakakwanisa kufamba nekumhanya.

Vamwe vakanga vaine maperembudzi vakauya kuna Jesu.

Jesu
akavaporesa
zvakare.

Varume nevakadzi vakanga vaine madhimoni vakauya kuna Jesu.



Akarayira madhimoni kuti aenda. Madhimoni akaenda, vanhu vakasara nemufaro.



Pakati pevanhu vazhinji, varume vana vakaedza kuti shamwari yavo isvike kuna Jesu.

Asi Havana kukwanisa kusvika pedo.
Vakanga vachaita sei?

Varume vana vakatakura
shamwari yavo
vakamuisa
pamusoro
peimba, ...

... ndokumudzikisa
kuti apinde
mumba.

Naizvozvo akanga
asvika pedo
naJesu.

Jesu akaona kuti
varume vana
vakanga
vaine
kutenda.

Akati kumurume akanga achirwara, “Zvitadzo zvako zvaregererwa. Tora nhovo dzako ufambe.”

Murume akasimuka achibva afamba. Jesu akanga amuporesa.

Mushure maizvozvo,
Jesu akapinda
muchikepe
nevadzidzi
vake.

Mhepo yakanga
yaine samba
yakavhuvhuta.

Jesu akanga arara.
Vadzidzi vakatya
vachibva vamutsa
Jesu. Vakati,
“Ishe tibatsirei.
Tinofira pano.”

Jesu akamuka achibva arayira gungwa achiti, "Nyarara ugadzikane." Vadzidzi vake vakataurirana vakati, "Munhu akaita sei uyu? Mhepo kunyangwe negungwa zvinomuteerera."



Vakatenda kuti Jesu akanga ari mwanakomana waMwari nokuti akanga ataridza ukuru hwake nokuda kweminana,
Vadzidzi vake
Havana kuziva
kuti Jesu
akanga achaita
imwe minana.

Minana yakaitwa naJesu

Nyaya yeshoko raMwari, Bhaiberi

Inowanikwa mu

Mateo 8-9, Mako1-2, Mako 4,
Ruka 4, Ruka 8, Johane 2

“Mazwi enyu anotipa kuchena.”
Mapisarema 119:130

Magumo

Nyaya dze mu Bhaibheri dzinotiwudza zvekushamisa kwaMwari Musiki wedu uyo anoda kuti umuzive.

Mwari anoziva kuti tese takaita zvakaipa, izvo zvaanoti zvitema. Mubairo wechitema ndirwo rufu, asi Mwari anokuda kwazvo, akatuma mwana wake, Jesu, kukufira pamuchinjikwa uye akatambudziwa nemhaka yako. Jesu akafa akumuka, akadzokera kumusha kudenga! Kana uchitenda muna Jesu uye ukakumbira kuregererwa anokuregerera zvitema zvako, Anokuregerera! Achauya kuzogara mumoyo mako. Achagara mauri. newe ugogara maari mazuva namazuva.

Kana uchitenda kuti ichi
ichokwadi, taura kuna Mwari uchiti
Mudiwa Jesu, ndinotenda kuti ndimi Mwari, uye
makauya semunhu panyika kuzofira zvitema
zvangu, uye murikurarama. Huyai mumoyo
mangu mundiregere zvitema zvangu, kuti ndive
heupenyu hutsva, uye nerimwe zuva ndigogara
nemi nekusingaperi. Ndibatsirei kuti
ndikuteererereyi, ndirarame semwana wenyu.
Ameni.

Verengayi Bhaibheri nekutaura ne Mwari
mazuva ese. Johane 3:16